



Lwa Klima 2024 la:

**Rekòmandasyon pou Revize Règleman EFSB
Pwopoze yo 980 CMR 1.00, 2.00, 13.00, 14.00,
16.00, ak 17.00**

**Manm Konsèy Enstalasyon Enèji ("EFSB" oswa
"Komisyon Enstalasyon yo")**

7 Janvye, 2026



Ajanda/Kalandriye

- 1:00 Diskou Ouvèti yo
- 1:15 Prezantasyon sou Règleman Final yo Pwopoze a, Deba
Manm Konsèy la, ak Kòmantè Piblik yo
- 2:30 Premye poz pou aprèmidi a
- 3:45 Dezyèm poz pou aprèmidi a
- 4:50 Diskou Final yo



Objektif Reyinyon Manm Konsèy la

- Bay yon rezime jeneral sou kòmantè yo resevwa sou Règleman EFSB te pwopoze yo nan piblikasyon mwa Septanm lan, ak repons pèsònèl anplwaye yo bay nan kòmantè yo
- Mizajou sou Règleman yo te pwopoze yo pou reflekte kòmantè yo te resevwa ansanm ak chanjman yo pwopoze atravè Anplwaye yo anvan Revizyon Fòmèl ajans yo
- Bay Konsèy la ak Pati Konsène yo enfòmasyon ki nan pati anlè a, epi reponn ak plis kòmantè, kesyon, ak sijesyon anvan yo transfere voye ale pwochenn rezime a bay ajans lan
- Mizajjou jeneral konsènan pwogrè EFSB anvè enplimantasyon I nan Lwa Klima 2024 la (“Lwa” a)



Gwo Dispozisyon ki Pran pou Sit ak Pèmi yo nan Lwa Klima 2024 la

- Kreye yon nouvo kategori enfrastrikti: Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp (“CEIF”)
- Elaji jiridiksyon Konsèy Enstalasyon an pou yo enkli gwo Enstalasyon Depo Enèji Pwòp yo (“LCESF”)
- Kreye 2 pwogram Pèmi Konsolide
 - CEIF ki gwo – Pèmi Konsolide ki soti nan men Komisyon Konsèy la
 - CEIF ki piti – Pèmi lokal ki soti nan yon minisipalite
- Etabli yon dat delè pou pran desizyon sou yon aplikasyon; apwobasyon konstrikatif si dat delè yo pa respekte
- Etabli nouvo egzijans pou aplikan CEIF yo, sa ki enkli:
 - Kontak piblik pre-ranpli
 - Analiz Enpak Kimiltatif (“CIA”) ak Evalyasyon Konvenyan Sit la
- Elaji manm Konsèy Seleksyon an; elaji yon nouvo manda, yon nouvo dimansyon revizyon, ak konklizyon ki nesesè yo
- Deplase sèten jiridiksyon nan Depatman Sèvis Piblik la nan Konsèy Komite a



Chapit nan Règleman Final yo Pwopoze yo

Chapit Rezime règleman an	Rezime tit la
980 CMR 1.00 – revize EFSB	Pwosedir Jijman yo
980 CMR 2.00 – revize EFSB	Biznis Komite a
980 CMR 13.00 – nouvo EFSB	Pèmi Konsolide yo
980 CMR 14.00 – nouvo EFSB	Jijman De Novo
980 CMR 15.00 – nouvo EFSB	Analiz Enpak Kimiltatif ak konvenyans/Adaptabilite Sit la
980 CMR 16.00 – nouvo EFSB	Konsiltasyon ak Angajman pre-dopoze
980 CMR 17.00 – nouvo EFSB	Apwobasyon Konstriktif
980 CMR 4.00, 5.00, 7.00, 8.00, 11.00	Anilasyon Règleman ki pa Itilize yo * An repons ak kòmantè ki soti nan Biwo Jesyon Zòn Kotyè a, komisyon Konsèy pou Anplasan an p ap anile ankò 980 CMR 9.00.
220 CMR 32.00 – nouvo DPU	Frè Aplikasyon EFSB yo (ki gen pou vini)
220 CMR 34.00 – nouvo DPU	Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan
225 CMR 29.00 – nouvo DOER	Pèmi Konsolide Lokal



Etap Enpòtan nan Devlopman Règleman yo

Etap Enpòtan yo	Dat yo
Piblikasyon sou Desizyon Final Règleman yo te Pwopoze yo epi kòmanse pwosesis fòmèl pou fè règleman an	12 Septanm, 2025
Règleman Pwopoze yo te pibliye nan Mass. Register la	26 Septanm, 2025
Peryòd Kòmantè Piblik la	17 Oktòb – 7 Novanm, 2025
Kòmantè Alekri yo	Premye kòmantè alekri ki te fèt nan dat 17 Oktòb, 2025 Dènye kòmantè alekri ki te fèt nan dat 7 Novanm, 2025
Komisyon Konsèy la ansanm ak Depatman te fè 4 odyans piblik ibrid pou kòmantè yo	27 Oktòb– New Bedford 29 Oktòb – Pittsfield 3 Novanm– Boston 5 Novanm - Lynn
Komisyon Konsèy la te resevwa plizyè santèn kòmantè alekri nan men yon pakèt moun ki gen investisman, tankou ajans leta , ofisyèl lokal ak lòt otorite, reprezantan konpayi sèvis piblik, konpayo devlopman enèji pwòp, gwoup anviwònmanal, reprezantan konpayi travay, òganizasyon kominotè ak anpil lòt moun.	



Pwochen Dat Enpòtan yo

Etap Enpòtan yo	Dat yo
Reyinyon ak Konsèy Administrasyon an pou Diskite sou Pwopozisyon Règleman Final yo	7 Janvyè, 2026
Dat Delè pou kòmantè ki fèt alekri yo pou ka revize règleman yo	9 Janvyè, 2026
Reyinyon Komite Konsèy la pou vote pou règleman Final yo	Fevriye 2026
Dat Limit pou Komisyon Konsèy la Depoze Règleman Final yo bay Sekretè Deta a	13 Fevriye, 2026
Règleman Final yo Pibliye nan Mass. Register	27 Fevriye, 2026
Dat Limit pou Pibliye Règleman yo	1ye Mas, 2026
Plis Angajman pou Moun ki gen Enterè sou Aplikasyon anA	Soti 1ye Mas, 2026
Aplikasyon Nouvo Pwogram Pèmi Konsolide a	1ye Jiyè , 2026



Revizyon nan Pwosedì Jijman yo (980 CMR 1.00)

- Règleman 980 CMR 1.00 ke yo te pwopoze a revize règleman pwosedì jijman Konsèy Komite a pou ajoute nouvo egzijans nan Lwa a epi kodifye sèten pratik ki deja egziste
- Nouvo kondisyon ki soti nan lwa a:
 - Revize ak/oswa ajoute siyifikasyon, ki konsistan ak Lwa a
 - Pwosedì siplemantè pou ranpli kondisyon konfòmite, ranpli chanjman pwojè, ak plan demantèlman yo
 - Deklare ke fòm yon aplikasyon patikilye dwe espesifye pa Komisyon an
- Kodifikasyon pratik ki deja egziste yo:
 - Kalifye pwosedì ak egzijans pou depoze dokiman yo, tankou depoze yo elektwonikman, dat delè pou depoze yo alè, siyati elektwonik yo
 - Mande pou pwosedì jijman yo konfòme yo ak Plan Aksè Lang Komisyon Konsèy la



Kontinite Revizyon nan Pwosedir Jijman yo (980 CMR 1.00)

- Kodifikasyon pratik ki deja egziste yo (rèl la):
 - Endike estanda ki genyen nan transfere mèl pou nouvo enstalasyon yo (egzanp., voye yon notifikasyon bay mèl kay ak lokatè yo ki nan yon distans 300 pye ak yon liy transmisyon dwa pasaj oswa yon tiyo gaz; nan yon distans $\frac{1}{4}$ kilomèt ak yon sou – estasyon, yon estasyon chanjman, yon ti enstalasyon enèji pwòp (“SCEGF”), yon ti enstalasyon depo enèji pwòp (“SCESF”); ak yon distans $\frac{1}{2}$ kilomèt de yon gwo enstalasyon enèji pwòp (“LCEGF”), yon gwo enstalasyon enèji ki mache ak konbistib fosil, yon enstalasyon depo gaz , oswa yon estasyon konpresè gaz
 - Egzije pou odyans kòmantè piblik la fasilite patisipasyon yo fèt an pèsòn ak a distans
 - Prevwa ke moun osinon antite k ap gen pou patisipe yo pa p bezwen yon avoka pou reprezante yo (se sèlman kòporasyon k ap patisipe kòm yon pati ki bezwen avoka reprezante yo)
 - Egzije pou aplikan yo kenbe yon lis ekspozisyon ki ajou
 - Kreye yon obligasyon pou tout pati yo konplete prèv yo te bay yo, lè nouvo enfòmasyon ki enpòtan yo vin disponib



980 CMR 1.00 – Kòmantè yo (Pwosedir Jijman)

Tèm Kòmantè yo

Daprè Lwa Klima 2024 la, EFBS dwe ajoute konsiderasyon enpak kimiltatif yo nan nenpòt bagay Konsèy la ap detèmine – se pa sèlman petisyon pou konstwi yon enstalasyon oubyen Aplikasyon Pèmi Konsolide EFSB yo (CLF).

Dispozisyon sou segmantasyon pwojè yo ka konsistan avèk fason yo fè revizyon federal pou pwojè enèji maren yo (van oseyanik; Eversource/ rezo nasyonal).

Pwovizyon pou pwolonjman tan an kapab yon twou vid ki genyen nan delè revizyon legal 15 mwa a. Yon konferans preliminè sou pwosedir a ta ka ede define dimansyon revizyon an pou evite sa (Avangrid).

Klarifye ke “sistèm depo enèji” konsène sèlman ekipman estasyonè yo e li pa konsène depo enèji ki gen rapò ak machin (MassDOT).

Aktyalizasyon Règleman oswa Repons

Pa gen okenn chanjman. CIA egzije nan 980 CMR 15.00 pou aplike nan ansyen enstalasyon yo, ak CEIF ke yo revize nan c. 164, §§ 69T-V, men ki pa § 69W (Jijman De Novo). 980 CMR 2.06 enkòpore konklizyon obligatwa pou konsèy la – ki gen ladan l “konsiderasyon apwopriye” yo bay “chay kimiltatif sou kominote akèy yo”

Revize langaj yo pou ka ogmante fleksibilite nan seksyon segmantasyon an pou pran an chay faz pwojè a an repons ak egzijans federal oswa rejyonal yo.

Pa gen okenn chanjman. Ide sa yo deja reflekte nan règ yo te pwopoze yo (nan 980 CMR 1.00 ak 13.00).

Pa gen okenn chanjman. Definisyon sistèm depo enèji a se yon bagay legal, sepandan, Komisyon Konsèy la ka vle konsidere fè distenksyon ant enstalasyon pèmanan ak depo enèji tanporè yo lèl sè ak machin (ke yo rele tou aplikasyon “vevikil-a-non”) yo.



980 CMR 1.00 – Kòmantè yo (Pwosedir Jijman yo)

Tèm Kòmantè

Pou notifikasyon ki konsène pwojè yo, regilasyon yo dwe bay yon kantite tan ke EFSB ka ba w yon repons, ki enkli yon peryòd de 15 jou kote y ap ka fè kòmantè ak bay repons, ansanm ak 15 jou pou detèmine si yon pwojè yo te pwopoze bay rezilta ki diferan nan degree enpak ki diferan. Si yo pa remake okenn chanjman an, Chanjman pwojè a dwe apwouve.(Avangrid)

Enstalasyon ti enèji ki pwòp yo dwe genyen yon egzijans ki pi pito parapò ak gwo enstalasyon enèji pwòp yo (Kòmantè ki diferan yo)

Aktyalizasyon Règleman oswa Repons

Revize règ yo pou ka ajoute yon dat limit de 15 jou pou Ofisye ki gen pou prezan yo pou ka detèmine si l nesèsè pou mande enfòmasyon adisyonèl si enpak nan Chanjman Pwojè yo enkyetan, dekouvèt yo obligatwa, oubyen yon anrejistremant revizyon ka nesèsè.

Revize règ yo pou ka etabli ki disitans de longè ¼ kilomèt ye parapò ak yon ti enstalasyon (SCEGF oswa SCESF) pou lè yo voye notifikasyon yo pa mèl



Revizyon nan Règleman Manm Konsèy la (980 CMR 2.00)

- Règleman yo te pwopoze nan 980 CMR 2.00 yo ajoute nouvo egzijans Lalwa ki defini kòman Komisyon Konsèy la jere biznis li
- Nouvo egzijans Lalwa yo:
 - Revize manda Manm Konsèy la ak dimansyon revizyon an
 - Egzante enstalasyon Jiridiksyonèl Konsèy Sitasyon an anba revizyon Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts (“MEPA”) la
 - Revize manm konsèy administrasyon an epi ajoute 2 plas nan konsèy la. Nouvo manm konsèy administrasyon yo refilete yon pi gwo varyete ekspètiz
 - Delege otorite pou direktè a ka bay yon desizyon sou jijman De Novo yo
 - Ajoute nouvo konklizyon obligatwa pou nenpòt detèminasyon Komisyon Sitasyon an
 - Egzije pou Komisyon Konsèy la genyen yon tablo an liy ki montre pwogrè li ap fè nan revizyon ak nan desizyon sou ka yo
 - Egzije pou Konsèy la bay yon apwobasyon konstrikatif (selon 980 CMR 17.00), lè konsèy la echwe pou l bay yon desizyon final nan delè revizyon l an.
- Klarifikasyon Pwosedì yo:
 - Mete ajou referans legal yo konsènan pwosedì pou reyinyon piblik yo, avi reyinyon piblik yo, sesyon egzekitif la, ak kantite manm Konsèy Administrasyon an ki konstitiye yon kowòm
 - Fè lòt revizyon ki klè



980 CMR 2.00 – Kòmantè yo (Règleman Komisyon Konsèy yo)

Tèm Kòmantè

980 CMR 2.02(1)(d) ta dwe aktyalize pou reflete sou aplikasyon ki pou akizisyon konpetitif yo pa p sibi revizyon finansye nan men Konsèy la. Rezilta akizisyon Konpetitif yo byen verifye pa DOER pandan negosyasyon Akò Acha Elektrisite (“PPA”) yo ak pa DPU a, ki dwe revize epi apwoube yon PPA pou li ka efektif (Avangrid)

Konsèy la ta dwe enkli tou syantifik endepandan ki gen ekspètiz nan epidemyoloji, jeni , ak klima (plizyè moun ki fè kòmantè sa).

Aktyalizasyon Règleman ak Repons

Pa gen okenn chanjman. Lwa Klimatik 2024 la egzije Konsèy la pou asire enstalasyon yo (yon fason ki swa evite osinon minimize depans yo). Pa gen okenn eksepsyon ki fèt pou acha konpetitif. Sepandan, Komite Konsèy ki te la anvan an limite posibilite pou revizyonman pri enstalasyon pwopoze pa devlopè machann yo epi li bay anpil enpòtans ak revizyonman pri lòt ajans leta yo.

Pa gen okenn chanjman. Manm Konsèy administrasyon an gouvènè pa dispozisyon legal yo. Plizyè nan manm Konsèy Administrasyon yo gen ekspètiz nan divès domèn espesifye yo.



980 CMR 14.00 (Jijman De Novo yo)

- **Nouvo Regilasyon pou Jijman De Novo yo – 980 CMR 14.00**
 - (1) pou kèk nan antite yo sa gen rapò ak desizyon nan nivo lokal la
 - (2) pou bay yon pèmi lokal konsidere lè gouvènman lokal la manke resous
- Pwosesis akselere/rapid (6 ak 12 mwa)
- Desizyon ke Dirèktè Komisyon Konsèy la te pran
- Fè Apèl Dirèkteman nan Tribinal Siprèm lan



980 CMR 14.00 – Kòmantè (Jijman De Novo)

Tèm Kòmantè

Aktyalizasyon Règleman ak Repons

14.02(1)(c) – Fason Jijman De Novo a pral gen pou l jere ajans planifikasyon rejyonal yo poko fin twò klè (“RPAs”) si sèlman minisipalite a ap chèche Jijman De Novo a akòz de mank resous, men RPA swa pa (oubyen chanje) (Lwa KP) a

Pa gen okenn chanjman. Adjidikasyon De Novo a active akòz de yon demann yon Gouvènman Lokal fè. Desizyon Konsèy Adjidikasyon De Novo a limite a kontni demann Gouvènman Lokal la soumèt la. Yon RPA ka mande pou fè yon Adjidikasyon De Novo.

14.02(3)(b)(4) – Gouvènman Lokal yo dwe genyen plis pase 60 jou aprè yo fin genyen resi aplikasyon an pou yo kòmanche ak bay rekòmandasyon bay Komite a konsènan Jijman De Novo a. (Lwa KP)

Aplika an (ki pa Gouvènman Lokal la) bay kondisyon pèmi rekòmande yo nan espas 14 jou aprè Konsèy la fin fè demann Adjidikasyon De Novo an. Pwosesis Adjidikasyon De Novo an ap otorize kondisyon Gouvènman Lokal yo rekòmande a aprè nan pwosesis la .

14.05 – Kòman desizyon Adjidikasyon De Novo a pral adrese kesyon pwoblèm zonaj la? Èske desizyon an ap kapab bay soulajman sibvansyon zonaj, osinon chanje desizyon zonaj ke gouvènman te pran deja? (Lwa KP)

Kontrèman ak §§ 69T-69V, § 69W (Adjidikasyon De Novo) pa enkli otorite egzansyon zonaj. Si yon egzansyon zonaj nesesè pou yon ti CEIF ke yo te depoze nan yon nivo lokal, aplikan an dwe depoze yon petisyon egzansyon zonaj separeman bay Konsèy la.



980 CMR 14.00 - Kòmantè (Jijman De Novo)

Tèm Kòmantè	Aktyalizasyon Règleman ak Repons
Petisyon Adjidikasyon De Novo a dwe gen ladan l CIA/analiz konvnabilite sit la pou chak 980 CMR 15.00 ak pre-ranplisman enfòmasyon selon CMR 16.00. (CLF)	§ 69W pa gen ladan analiz CIA/konvenyans sit la oswa egzijans pre-ranpli pa komisyon an pou Jijman De Novo. Sepandan, yon aplikasyon pou pèmi lokal konsolide dwe swiv règleman DOER yo, ki gen ladan l egzijans konvenyans Sit la ak sa ki pre-ranpli a, epi li pral nan dosye ke Komisyon pral gen pou l egzamine a.
Kòmantè alekri, odyans kòmantè piblik, epi vizit sit yo ta dwe obligtwa, men pa dwe fèt an sekre. (CLF)	Pou Jijman For De Novo ki inisye yo dapre 980 CMR 14.02(1) (a) oswa (b), Direktè a ka, nan diskresyon li, bay dispozisyon pou yon odyans kòmantè piblik sou Aplikasyon Konsolidasyon Pèmi Lokal lan, epi odyans sa a ka fèt vityèlman. Pou Jijman De Novo ki inisye yo dapre 980 CMR 14.02(1) (c), direktè a dwe prevwa yon odyans pou kòmantè piblik sou Aplikasyon Pèmi Lokal Konsolide a. Vizit Sit yo rete diskre.
Otomatikman bay aksè ak nenpòt pati ki nan etap revizyon presedan yo (lokal). Moun ki gen enterè kle yo ta dwe resevwa estati pati oswa estati patisipan ki limite (CLF)	Pa gen okenn chanjman. Ofisye Prezidan an ap pran an konsiderasyon petisyon pou entèvansyon yo oswa pou patisipan ki gen estati limite ki soti nan gwoup sa yo, epi revize yo lè l sèvi ak estanda presedan Konsèy la te etabli yo.



980 CMR 16.00 Konsiltasyon Anvan w Depoze Dokiman yo ak Egzijans Angajman yo

- 980 CMR 16.00 aplike nan LCEIF, SCEIF, ak tout enstans jiridik yo
- Etabli egzijans pre-ranpli pou aplikan yo ka asire ke enfòmasyon konsènan pwojè a rive jwenn moun ki ka afekte pa pwojè a, epi bay moun ki gen enterè yo yon opòtinite pou enfliyanse konsepsyon Pwojè a
- Egziye pou Aplikan an konsilte avèk moun ki gen enterè kle yo, Biwo MEPA a, ak ajans ki bay pèmi yo, òganize omwen 2 reyinyon avèk kominote a, itilize plizyè chanèl pou kontakte moun yo, epi kreye yon paj pou pwojè a
- Bay Aplikan yo fleksibilite pou yo adapte ak orè ki pre-ranpli a selon pwojè a ak kominote a, pa presize lè oswa diretan yo dwe pran pou konplete seans pre-ranpli yo
- Ekilibre objektif pou bay enfòmasyon sou pwojè yo bay moun ki gen enterè kle yo anvan nan devlopman pwojè a ak nesesite Aplikan an genyen pou l fè dilijans ki nesesè yo



980 CMR 16.00 – Kòmantè (Konsiltasyon ak Angajman pre-Depoze)

Tèm Kòmantè	Aktyalizasyon Règleman ak Repons
16.02 – Modifye definisyon Kominote a pou l ka vin remakan, enklizif, epi adapte ak enpak ki pral soti nan pwojè yo pwopoze a. Limit restriksyon an se yon (1) kilomèt. (Michael DeChiara, CLF)	Langaj revize pou enkòpore distans radyal ki soti nan règleman CIA yo pou swivi enpka potansyèl yo yon fason konsistan. Distans pou konsantre kontak pre-depozisyon an kounye a aliye ak distans ki soti nan Limit Enstalasyon an ke yo itilize pou detèmine Zòn Jewografik Espesifik yo (“SGA”) pou diferan kalite enstalasyon.
16.02 – Ajoute ladan l yon lis santralize de moun lokal ki gen enterè ke yo ka mete okouran de Pwojè yo pwopoze a pandan seans pre-ranplisaj la etanke yon pati nan aktivite sansibilasyon ak moun ki gen enterè yo ; klarifikasyon “gwoup travay yo” (CLF, Travay Kominotè Ini)	Pa gen chanjman. OEJE, DOER, EFSB, DPU, ak MEPA pral kolabore sou yon lis referans òganizasyon ki baze nan kominote abite yo abite ke yo ka itilize. Definisyon revize “Moun ki gen enterè kle yo” fè referans a sendika lokal yo, konsèy metye konstriksyon, konsèy travay santral yo, ak AFL-CIO nan Massachusetts.
16.03 – Yo raman ta dwe akòde demann egzansyon yo epi sèlman ta bay yo aprè vòt Konsèy la. Egzansyon yo ta dwe gen yon pwosesis apèl. (ACE, selon sa plizyè kòmantè fè konnen)	Pa gen chanjman. Direktè DPP a pral deside sou demann egzansyon yo, sa ki konsistan avèk egziajns ki nan Lwa a. Mande pou Aplikan an voye demann egzansyon yo pa imèl bay moun ki gen enterè kle ki enpòtan yo, ajans gouvènman lokal ak leta ki bay pèmi yo, ak lis distribisyon Pwojè a



980 CMR 16.00 – Kòmantè (Konsiltasyon ak Angajman Pre-Depoze)

Tèm Kòmantè

Mizajou Règleman oswa repons

16.04 – Pibliye, pa rezime, tout kòmantè yo resevwa kòm yon soumisyon de dokiman ki akonpanye ak Estati Angajman Pre-depoze ak Lis Verifikasyon Konplè yo. (CLF)

Revize langaj pou egzije Aplikan an soumèt epi poste yon tablo ki rezime kòmantè oral ak ekri ki reflete tout pwoblèm ki souleve yo.

16.04(g)(4) – Dire peryòd tan kòmantè piblik la ta dwe bay ase tan pou moun ki gen enterè yo bay opinyon yo, sitou si tou 2 reyinyon piblik fèt pre youn ak lòt (plizyè moun fè kòmantè sa yo).

Revize langaj. Peryòd kòmantè piblik pre-depoze aprè dezyèm reyinyon piblik la pwolonje pou jiska 3 semèn pou bay ase tan pou piblik la ka bay opinyon yo.

16.04(g)(5) – Nòt pou reyinyon ak moun ki gen enterè kle yo ak reyinyon piblik ak kominote a ta dwe gen ladan yon rapò prezans ak non epi ak afilyasyon patisipan yo pou bay yon apèsi sou pwofondè ak lajè angajman an. (Michael DeChiara)

Règleman revize . Pou reyinyon piblik yo, Aplikan an oblije gen fèy siyati. Fèy siyati yo ap disponib piblikman men Aplikan an dwe, soumèt fèy siyati yo bay DPP oswa bay Komisyon Konsèy la lè yo mande l.

16.06 – Gouvènman Lokal la ak ajans pèmi leta yo ta dwe dakò sou yon lis pèmi ki aplikab pandan seans pre-depozisyon an; yo pa ta dwe valide okenn nouvo pèmi pandan pwosesis aplikasyon an. (RENOUVÈLMAN nan Nòdwès)

Pa gen chanjman. Aplikan an responsan pou l idantifye tout pèmi ki aplikab yo epi mete lis la ajou si nouvo pèmi yo nesesè.



980 CMR 16.00 – Kòmantè (Konsiltasyon ak Angajman Pre-Depoze)

Tèm Kòmantè mment	Regulation Update or Response
16.07 – Delè ak egzijans reyinyon yo ta dwe deplase nan lide pou pèmèt li plis fleksib. Se sèlman Biwo MEPA a, Gouvènman Lokal la, ak ajans pèmi leta yo ki ta dwe bay opinyon yo sou mitigasyon ak minimizasyon. (RENOUVÈLMAN Nòdès)	Pa gen chanjman. Delè ak egzijans règleman yo deja fleksib. Pa gen okenn restriksyon sou kòmantè ki soti nan sou kòmantè yo.
16.08(b)(1) – Reyinyon piblik, jounen pòt ouvè, ak atelye yo ta dwe anrejistre kote sa posib epi poste sou sit entènèt la Pwojè a. (CLF)	Langaj revize. Nou ankouraje Aplika yo pou anrejistre pati prezantasyon reyinyon vityèl yo, asire w ke l anrejistre, epi poste yon anrejistreman sou sit entènèt Pwojè a.
16.10(4)(b) – Aplikan yo ta dwe resevwa kopi kòmantè yo soumèt bay Gouvènman Lokal la ak ajans pèmi leta yo epi yo dwe kapab reponn a kòmantè yo. (National Grid ak Eversource, Ocean Winds)	Règleman revize. Aplikan an dwe depoze avi pre-depoze a omwen 60 jou anvan li depoze Aplikasyon an. Gouvènman Lokal la ak ajans pèmi leta yo gen 30 jou pou yo depoze kòmantè yo bay DPP, epi Aplikan an gen 7 jou pou reponn ak komantè yo.



Aplikasyon pou Pèmi Konsolide: Règleman , Gid, Nòm Debaz, ak Kondisyon Komen yo

- EFSB pral etabli yon “aplikasyon estanda komen” pou: (1) Pèmi Konsolide (tout pèmi eta ak lokal yo); ak (2) Pèmi Eta Konsolidasyon (tout pèmi eta) (ansanm ak,” Pèmi Konsolidasyon”)
 - Gwo Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo (“CEIF”) (§ 69T) (Pèmi Konsolidasyon)
 - Ti Enstalasyon Transmisyon ak Distribisyon Pwòp (“T ak D”) (§ 69U) (Pèmi Konsolidasyon)
 - Ti Enstalasyon Jenerasyon ak Depo Pwòp yo (§ 69V) (Pèmi Konsolide)
- Ajisteman De Novo (§ 69W) a ka lakoz yon pèmi Lokal Konsolide ki nòmalman ta dwe bay pa Gouvènman Lokal la– ki pa enkli nan definisyon yon pèmi “konsolidasyon EFSB”



Pèmi Konsolide pou Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo

Kalite/Deskripsyon Enstalasyon	Kapasite/Gwosè	Otorite Pèmi
Jenerasyon – Solè; van; Dijestè Anaerobik	≥ 25 MW (Gwo)	EFSB – Pèmi Konsolidasyon ak Pwosesis Pre-depoze pou § 69T + Egzanpsyon Zonaj (si yon mande l separeman)
	< 25 MW (Piti)	Lokal- Pèmi Lokal Konsolidasyon ak Pwosesis Pre-depoze pou. 25A, § 21 ¹ EFSB – Pèmi Eta Konsolidasyon ak Pre-epoze pou § 69V Egzanpsyon Zonaj (EFSB chwazi pa pwomotè a) ; sinon, pèmi eta endividyèl ; + egzanpsyon Zonaj
Sistèm Depo Enèji	≥ 100 MWh (Gwo)	EFSB – Pèmi Konsolidasyon ak Pre-depoze pou § 69T + Egzanpsyon Zonaj (sii yon mande l apa)
	< 100 MWh (Piti)	Lokal –Pèmi Lokal Konsolidasyon ak Pwosesis Pre-depoze dapre c. 25A, § 21 ¹ EFSB – Pemi Eta Konsolidasyon dapre § 69V + Zoning (EFSB chwazi pa pwomotè a); sinon, Pèmi eta endividyèl yo; + egzanpsyon Zonaj
Enfrastrikti Transmisyon (ak enstalasyon oksilyè) - Gwo - ≥ 69 kV <u>ak</u> ≥ 1 mile (new corridor) - ≥ 115 kV <u>and</u> ≥ 10 kilomèt (koridò ki deja egziste) (eksepte rekonditirasyon nan menm voltaj) - Nouvo enfrastrikti transmisyon (ki gen ladan sou-estasyon/estrikti) ki mande egzanpsyon zonaj yo - Enstalasyon ki nesesè pou konekte van lanmè a ak rezo a		EFSB – Pemi Konsolidasyon ak Pwosesis Pre-depoze dapre § 69T + Egzanpsyon Zonaj
Enfrastrikti Transmisyon (ak enstalasyon oksilyè) – Ti piti - < 1 km (nouvo korido) - < 10 kms (korido ki egziste deja a) - Pwojè distribisyon ki satisfè yon papòt gwosè ki poko detèmine pa DOER - rekondiksyon/ rekonstriksyon nan menm voltaj la - Soustasyon/amelyorasyon ki <u>pa</u> bezwen egzanpsyon zonaj yo		Lokal – Pèmi Lokal Konsolidasyon ak Pwosesis Pre-depoze dapre c. 25A, § 21 ¹ - OSWA - EFSB – Pèmi Konsolidasyon ak Pwosesis Pre-depoze dapre § 69U (EFSB chwazi devlopè a, pwosesis pre-depoze EFSB a aplike)

1. Pwosesis pre-depozisyon an ap fèt sèlman anba Gid Pemi Lokal Konsolidasyon DOERa epi li p ap sijè a pwosesis pre-depozisyonEFS la.Gouvènman lokla la ka transmit splikasyon Fanmi lokal bay Direktè EFSB a, si resous ak pèsònèl yo pa pèmèt revizyon lokal pou chak BW. *Yon demann pou yon jijman de Novo sou yon desizyon Pèmi konsolidasyon Lokal kaoab soumèt bay Direktèa, epi li pa ta dwe mande pou yon pwosesis pre-depozisyon adisyonèl. Kle Koulè Responsabilite:



Aplikasyon Pèmi Konsolidasyon: Nòm Debaz yo (Nouvo)

- Lwa sou Klima 2024 la egzije Komisyon Konsèy la pou yo etabli yon “nòm inifòm dezab sante, sekirite, anviwònman ak lòt nòm ki aplike nan emisyon yon pèmi konsolidasyon. ”
- EFSB te kolabore ak DOER pou devlope nòm debaz yo. Nòm debaz EFSB yo pwopoze yo pral nan 980 CMR 13.00 Gid Aplikasyon yo. Dokiman Atachman 2.
- Nòm Debaz yo jeneralman enkòpore nòm regilasyon ki deja an vigè; EFSB a ka kreye kèk nòm inik nan lavni (tankou chan mayetik maksimòm yo).



Aplikasyon Pèmi Konsolide: Kondisyon yo

- Komite Konsèy la dwe enkli kondisyon yo nan desizyon final li sou yon pèmi Konsolidasyon
- Sous Kondisyon yo
 - Kondisyon ak Egzijans Komen Komisyon Konsèy la etabli yo
 - Kondisyon pwopoze yo: soti nan Aplikan an, PEA, Pati yo. Anplwaye EFSB yo ka pwopoze kondisyon adisyonèl.
- Konferans sou Kondisyon yo
- Ofisye Prezidan an Rekòmande Kondisyon Pèmi yo
- Kondisyon pèmi yo enkli nan Desizyon Tanporè a; enkòpore nan Desizyon Final la aprè vòt Komisyon Konsèy la.



980 CMR 13.00 – Komantè (Aplikasyon Pèmi Konsolide)

Tèm Kòmantè	Mizajou Règleman oswa Repons
Pwolonje dat delè pou komantè ekri ak petisyon entèvansyon an pou omwen 30 jou aprè odyans kòmantè piblik la.(CLF)	Pa gen chanjman. Dat limit desizyon nan Lwa a obligatwa, epi evite apwobasyon konstriktif se yon priyorite lajman pataje. Pwolonje delè yo etabli pou komantè/ entèvansyon mete objektif yo an danje.
Revizyon konplè a ta dwe yon pwosesis administratif epi non pa yon premye revizyon sibstansyèl. (Eversource/National Grid)	Revize pou klarifye nati administratif yon Detèminasyon konplè.
Pa sèvi ak Aplikasyon Pèmi Lokal Konsolidasyon DOER yo kòm yon pati nan aplikasyon Pèmi Konsolidasyon EFSB a. (Eversource/National Grid)	Revize pou fè itilizasyon Aplikasyon Pèmi Lokal Konsolidasyon DOER la opsyonèl; Aplikan an ka itilize fòm Aplikasyon PEA Lokal yo kòm yon pati nan Aplikasyon Pèmi Konsolidasyon EFSB a.
Egzanpsyon zonaj yo fè pati de Pèmi Konsolidasyon an(Eversource/National Grid, Avangrid); Gouvènman Lokal la, pa EFSB, ta dwe fè revizyon sou soulajman zonaj la (Lwa KP, ak lòt yo).	Revize pou klarifye ke Konsèy la ka akòde egzansyon zonaj dapre M.G.L. c. 40A, §3; Seksyon 6 nan Chapit 665 nan Lwa 1956 yo; ak M.G.L. c. 164, §§ 69T-V, enklizif. Yo toujou mande pou depoze yon petisyon Zonaj ki obligatwa. inclusive.



980 CMR 13.00 – Kòmantè (Aplikasyon Pèmi Konsolide)

Tèm Kòmantè

Mizajou Règleman oswa Repons

Rekonsidere itilizasyon EFSB a nan politik bri DEP a epi pibliye nouvo estanda; politik DEP ki egziste deja a gen tandans pou mete enstalasyon yo kote ki deja gen pi gwo nivo bri yo. (RENEW & American Clean Power Assoc.)

Pa gen chanjman. EFSB konprann enkyetid ki genyen konsènan politik bri DEP a epi l ap travay avèk DEP pou yo ka konsidere chwa altènatif a politik bri aktyèl la pou CEIF, ak lot pwojè yo.

Aplikan yo pa ta dwe oblije pibliye yon wout/sit “Altènatif Remake”, ni evalye si altènatif sa yo” klèman siperyè” ak pwojè a. (Eversource/National Grid)

Klarifye ke pa gen okenn egzijans nan règleman an pou yon Sit/Wout Altènatif. Aplikan yo dwe oblije dekri chwa altènatif yo konsidere yo. Komisyon an kenbe chwa presedan an “klèman siperyè” pou pwojè T ak D yo.

Mande pou Komisyon an reponn alekri a chak deklarasyon Pati/PEA sou kondisyon Pèmi Rekòmande yo. (CLF)

Chanjman fèt pou mande yon repons alekri nan men Ofisye Prezidan an (nan kondisyon Pèmi Konsolidasyon EFSB rekòmande yo) oswa Komisyon an (nan Desizyon Final la) pou chak kondisyon yo rekòmande ke yo soumèt bay PEA.

Aplikasyon EFSB a ta dwe gen ladan lang ki egzije sale aktyèl la, ak itilizasyon pwogram aprantisaj. (MA AFL-CIO; Aksyon Klima Travay nan Massachusetts)

Pa gen chanjman. Dispozisyon travay ki site nan Lwa sou Klima 2024 la ki espesifik pou itilizasyon DOER nan Pèmi Lokal Konsolidasyon an, Konsèy la pa itilize l nan Pèmi Konsolidasyon EFSB a.



980 CMR 13.00 – kòmantè (Aplikasyon Pèmi Konsolide)

Tèm Kòmantè	Mizajou oswa Repons Règleman an
Amelyorasyon Aplikasyon ki nesèsè: (1) pòtal rapò aksesib pou swadizan vyolasyon; (2) delè pou aksyon; (3) pwoteksyon pou “denonsyè” kont represay. (CLF) Konsèy la ta dwe rezoud potansyèl dispit ki genyen ant gouvènman Lokal la ak Pwojè a sou egzijans Pèmi Konsolidasyon an. (Van Oseyan)	Chanjman yo enkli: (1) angajman pou etabli yon pòtal pou rapòte vyolasyon yo akize yo; a (2) yon delè 21 jou pou direktè a reponn a demann asistans PEA yo. Pa gen chanjman. Lwa a bay PEA otorite pou fè respekte kondisyon Pèmi Konsolidasyon EFSB yo nòmalman nan jiridiksyon yo.
Yo ta dwe swiv reta delè EFSB yo epi rapòte yo piblikman pou asire responsabilite. (CLF)	Pa gen chanjman. Egzijans ki egziste deja pou gen yon tablo CEIF (nan G.L. c. 25, § 12N) ki enkli kalite enfomasyon sa a ak transparans pwosesis la.
Yo dwe etabli nòm Debaz Anviwònman , sante , ak sekirite. (CLF)	Klarifye ke Konsèy la dwe pibliye nòm debaz yo. Nòm debaz yo pral enkli nan dokiman atachman 2 a nan 980 CMR 13.00 Gid Règleman an.
Règleman an ta dwe kodifye nòm yo sou aksè lang olye pou l ranvwaye l bay Plan Aksè Lang Konsèy la (“LAP”). (CLF)	Pa gen chanjman. Referans nan règleman an pou LAP la sifi pou asire ke revizyon Pèmi Konsolidasyon EFSB yo fèt an akò ak tout egzijans aksè lang ki aplikab yo, ak revizyon LAP a a lavni.



980 CMR 13.00 – Kòmantè (Aplikasyon Pèmi Konsolide)

Tèm Kòmantè

Aplikan an ta dwe oblije demontre kalifikasyon finansye ak eksperyans minimum pou jwenn apwobasyon Konsèy Administrasyon an pou yon Pwojè. (Robert Cherdack)

Kondisyon Komen yo pa ta dwe yon “Konstriksyon inik pou tout moun.” Konsèy la dwe kenbe diskresyon li pou deside ki kondisyon komen ki rezonab e apwopriye menm jan sa ta ye pou yon pwojè patikilye. (Eversource/National Grid)

Ajoute yon kategori “pèmi ministeryèl”

Mizajou Règleman oswa Repons

Gid Aplikasyon an enkli enfomasyon finansye ak òganizasyonèl yo mande sou Aplikan an.

Klarifye ke Kondisyon Komen yo obligatwa sèlman nan ka Apwobasyon Konstriktif. Epi tou Klarifye kondisyon Konferans yo, Ofisye Prezidan an dwe bay Kondisyon Pèmi rekòmande a bay pati yo ak PEA yo, sijè apwobasyon Konsèy la. Si yo apwouve, kondisyon Pèmi Rekòmande yo itilize etanke “Kondisyon ak Egzijans Kimane yo” pou Apwobasyon Konstriktif.

Pèmi Ministeryèl yo ajoute pou reflete lefèt ke kèk pèmi dwe bay touprè dat konstriksyon an. Epi tou li sipoze konsistan ak règleman DOER yo;



980 CMR 13.00 – Kòmantè (Gid Aplikasyon)

Tèm Kòmantè

Yo mete twòp egzijans nan Gid la olye nan règleman an. Règleman an ta dwe kodifye plis eleman epi kite mwens diskresyon pou moun ki pran desizyon yo. (CLF)

Amelyorasyon ki Nesesè (Michael DeChiara):

- Tablo egzanpsyon Zonaj la bezwen plis detay
- Plis enfomasyon nesèsè konsènan devlopè Pwojè a ak Pwopriyetè tè pwojè a
- Bezwen plis enfomasyon sou konsiltasyon Pwojè a avèk Gouvènman Lokal la ak manm kominote yo
- Pou evite enpak yo, ou bezwen konsidere altènatif yo, epi enfomasyon ki enpòtan
- Done katografi amelyore yo nesèsè
- Enfomasyon sou adaptabilite sit la ta dwe gen ladan dlo potab
- Enfomasyon sou Abita BioMap-prensipal la nesèsè
- Resous kiltirèl yo ta dwe enkli ak resous istorik ak akeyolojik yo.

Mizajou sou Règleman oswa Respons

Gen kèk chanjman nan tou de règleman yo ak Gid la, men ekilib lan toujou rete. Revizyon ki gen pou fèt nan Gid la pi pratik etandone nati teknik Aplikasyon CEIF yo, ak nesèsite pou dekouvri sa ki fonksyone ak sa ki pa mache. Konsèy la pral vote sou chanjman ki genyen nan Gid yo.

Sa (ak lòt kòmantè ki fèt) yo se pwen itil ke nou ap travay pou n adrese nan revizyon nan domèn Gid la.

Adekwatite Sit la pral gen yon wòl elaji nan règleman CIA/ Adekwatite Sit ki pwopoze a (980 CMR 15.00). EEA ap devlope gid pou evalyasyon Adekwatite Sit la epi li okouran ke kèk moun ki fè kòmantè ta renmen jwenn plis konsantrasyon sou dlo pòtab.



980 CMR 17.00 (Apwobasyon Konstriktif)

- **Nouvo Règleman pou Apwobasyon Konstriktif– 980 CMR 17.00**
 - Si Komisyon Konsèy pou Enstalasyon an pa pran yon desizyon final sou yon aplikasyon pou yon pèmi Konsolide nan dat delè legal la, Aplikasyon an apwouve Konstriktivman
 - 15 mwa pou Gwo Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp
 - 12 mwa pou ti Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo
 - Pa aplike pou Enstalasyon Enfrastrikti ki pa Enèji Pwòp yo
 - Bay yon pwosesis ki an antisipasyon ak yon Apwobasyon Konstriktif
 - Bay yon kontni sou fòm yon Apwobasyon Konstriktif
 - Apwobasyon Konstriktif la enkli“ Kondisyon Komen” ke Manm Konsèy la te etabli
 - Etabli yon mekanis pou bay Apwobasyon Konstriktif la



Apwobasyon Konstriktif: Kondisyon Komen yo (Revize)

- Lwa sou Kliman 2024 la egzije Konsèy Administrasyon an pou yo etabli “kondisyon Komen” pou pèmi Konsolide EFSB yo nan ka ta gen Apwobasyon Konstriktif
 - Lwa sou Klima a endike ke Kondisyon Komen yo ka diferan selon kalite CEIF la
- Kondisyon Komen yo pwopoze a reflete “kondisyon jenerik yo” – kèk moun aplike pou tout CEIF yo, gen lòt moun ki aplike senpleman pou yon CEIF ki byen espesifik.
- Kondisyon Komen yo idantifye kalite pèmi selon ak sa yo atache yo, ak non ajans ki aplike pèmi a (“PEA”).
- Règleman pwopoze a gen yon mekanis “Konferans sou Kondisyon yo” pou adapte Kondisyon Komen yo ak pwoblèm espesifik pwojè a ak kote a, sijè apwobasyon Konsèy Administrasyon an.



980 CMR 17.00 – Kòmantè yo (Apwobasyon Konstriktif)

Tèm Kòmantè	Mizajou osinon Repons sou Regilasyon
Komisyon Konsèy la ta dwe pibliye pwojè ki gen Tèm Komen yo pou yo ka revize yo. (CLF)	Dakò. Konsèy la gen entansyon sikile pwopozisyon Kondisyon Komen yo pou fidbak/sondaj ak amelyorasyon. Peryòd kòmantè a ap fèt sou yon orè diferan de règleman yo.
Ofisye ke yo chwazi a ta dwe evalye posibilite ki genyen nan yon Apwobasyon Konstriktif (CA) chwak swasanndis (70) jou (pa sèlman yon sèl fwa pandan 60 ak 90 jou anvan dat limit final la) pou asire pwogrè yo fèt a lè, diminye nesesite ki genyen pou CA, epi garanti patisipasyon kominote a.(ACE/CLF).	Pa gen chanjman. Yon sèl verifikasyon estati obligatwa sifi. Lòt egzijans yo anpeche Ofisye Prezidan an fè travay ki nesesè yo. Patisipasyon kominote a entegre nan pwosesis Pèmi Konsolide an kit se pa yon Apwobasyon Konstriktif ki rive.
980 CMR 17.03 ta dwe mande pou Apwobasyon Konstriktif pou ka reflekte obligasyon Legal komisyon an ki gen rapò ak Analiz Enpak Kimiltatif yo, chanjman klimatik, angajman kominotè, ak lòt domèn ki obligatwa yo.(CLF)	Pa gen chanjman. Sijè sa a pi byen adrese pa 980 CMR 13.00, ki adrese kondisyon ak obligasyon legal ki aplike pou tout pèmi, pa sèlman Apwobasyon Konstriksyon.
Avètisman sou Posibilite Apwobasyon Konstriktif la ta dwe plis popilè, ki enkli bay Pati ki Entèrese yo ansanm ak moun ki patisipe nan reyinyon piblik yo oswa ki te kòmante yo. (ACE)	Yo ajoute yon langaj/tèm nan 980 CMR 17.03(3) ki egziye pou yon Aplikan voye Avi Pwobabilite Apwobasyon Konstriktif la bay Moun ki gen enterè kle yo nan de (2) jou ouvrap apre li fin resevwa li nan men Ofisye Prezidan an.



980 CMR 17.00 – Kòmantè yo (Apwobasyon Konstriktif)

Tèm Kòmantè	Mizajou oswa Repons sou Regilasyon
Kondisyon ki genyen nan Pèmi Konsolide yo dwe ajoute sou yon baz kontinyèl pou asire enklizyon yo nan yon apwobasyon konstriktif. (ACE ak CLF)	Pa genyen okenn chanjman. Regilasyon yo te pwopoze a genyen ladan l yon mekanis ki la pou enkòpore kolektivman Ofisye ki te Prezan an ki te rekòmande pou yo te ajoute Kondisyon Pèmi yo nan Apwobasyon Konstriktif la. Pwosesis yo pwopoze a ap konpreansif menm jan epi l ap plis efikas.
Yon Apwobasyon Konstriktif dwe enkòpore kondisyon ke Ajans ak kominote yo etabli deja ke yo konsidere etanke yon pati nan pwosesis pèmi a.(CLF)	Pa gen okenn chanjman. Yo adrese sijè sa pi byen nan 980 CMR 13.00 ak nan devlopman Desizyon Komen yo.
Regilasyon an dwe egzije pou Ofisye ki Prezan an pibliye yon rapò ki eksplike konsiderasyon ki genyen nan opinyon piblik la konsènan nenpòt kondisyon espesifik pou aplikan yo. (ACE)	Pa gen okenn chanjman. Ofisye ki Prezidan an bezwen kenbe diskresyon nan zafè sa a pou asire gen ase tan pou jere dosye yo pou ka anpeche apwobasyon konstriktif la.
Regilasyon yo dwe otorize Komisyon an la pou yo mete ajou bouyon Apwobasyon Konstriktif la an repons a kòmantè yo.(ACE)	Règleman pwopoze ki revize a otorize Ofisye ki Prezidan pou l revize papye Apwobasyon Konstriktif la an repons ak kòmantè yo.



Pwoblèm Transvèse: Egzansyon Zòn yo

- Eversource ansanm ak National Grid deklare ke Lwa Klima 2024 la klèman presize ke pou otorite egzansyon nan zòn yo antre nan domèn Pèmi Konsolide EFSB a, epi ki egzije yon petisyon egzansyon zòn apa ki enkonsistan ak Lalwa a epi ki ka lakòz konsekans ki dezagreyab.
- Avangrid jeneralman aksepte ke Lwa a genyen ladan l'otorite pou akòde sibvansyon nan yon Pèmi Konsolide, men li fè konnen ke Komite a ta dwe trete pati sa a anba otorite Lalwa a, epi tou anba otorite G.L. c. 40A.
- Komite a ka bay egzansyon zòn daprè M.G.L. c. 40A, §3; Seksyon 6 nan chapit 665 nan Lwa 1956; oswa M.G.L. c. 164, §§ 69T-V, enkli ladan yo.
- Règleman yo pwopoze a kenbe obligasyon pou soumèt yon petisyon egzansyon diferan pou asire yon baz legal solid pou ka bay egzansyon zòn etanke yon pati nan yon Pèmi Konsolide EFSB.



Pwoblèm Transvèse: Pwoblèm Tranzisyon yo

- Plizyè devlopè ap chèche konsèy sou règ EFSB a pou bay sekirite pou pwojè enèji pwòp ki deja nan devlopman e ki fè fas ak defikilte akòz chanjman ak restriksyon yo. Pwoblèm yo enkli:
 - Klarifikasyon ke pwojè CEIF ki egziste deja yo kontinye jwenn pèmi lokal anba règleman aktyèl yo, san revizyon EFSB, si demann pèmi lokal yo fèt anvan 1ye Mas, 2026, eoi petèt jiska 1ye Jiyè 2026.
 - “Demann Pèmi lokal yo” dwe entèprete lajman pou yo ka gen ladan yo ANRAD (delineasyon marekaj); Lòd Kondisyon yo; pèmi espesyal; varyete; revizyon plan sit yo; plan sibdivizyon; ak lòt pèmi lokal yo.
- Gid sa a aliye entansyon Lalwa genyen sou Klima 2024 la pou akselere deplwaman enfrastrikti enèji pwòp yo. Pèsonèl EFSB yo pwopoze pou enkli langaj/tèm sa nan Desizyon Pwovizwa a pou règleman Final yo ki enkòpore konsèp sa a.



Kesyon Transvèsal: Alinye ak Règleman Pèmi Lokal Konsolide DOER yo

- EFSB kontinye travay kòmsadwa ak DOER sou règleman ak pèmi sit yo ak mezi aplikasyon pou reyalize aliman an.
- Dènye règ DOER te pwopoze yo rekonèt ke Aplikan yo ka chwazi si yo vle mande swa yon Pèmi Lokal Konsolide, oswa pèmèt moun nan nivo lokal yo anba règ ki egziste yo.
- Pwopozisyon EFSB kounye a pèmèt Aplikatè yo soumèt swa : (1) Aplikasyon Pèmi Lokal Konsolide DOER a ak yon pwojè Pèmi Konsolide, osinon (2) aplikasyon pèmi lokal moun yo ansanm ak pwojè pèmi yo.
- Pèmi Konsolide Eta a (dapre § 69V) ap mande pou yo fè pwosedi pre- depze EFSB a, si moun k ap aplike a pa p chèche yon Pèmi Lokal Konsekan.
- Aplikan ki pouswiv pèmi lokal yo endividyèlman p ap elijib/kalifye pou Desizyon De Novo a selon 980 CMR 14.00.



Mizajou sou 220 CMR 32.00 (Frè Aplikasyon yo) ak 220 CMR 34.00 (Pwogram Sipò Sibvansyon pou Entèvansyon DPU ak EFSB)

- Yo ap Prepare Règleman pou Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvansyon yo
 - DPU pral bay Lòd pou finalize règleman yo
- Y ap revize frè règleman aplikasyon yo
 - DPU pral pase Lòd pou ouvri yon pwosedi pou pase lwa ak règleman yo pwopoze yo enkli ladan l.



Kesyon ak Kòmantè yo



Reyinyon Komite Konsèy la – 7 /8 Janvye, 2026

Règleman yo Pwopoze yo

Reyinyon an ap kòmanse/ rekòmanse byento

Ou gen pwoblèm Teknik? Rele osinon ekri nou nan 857-200-0065